

Enstriksyon konfigirasyon Multi-Factor Authentication (MFA)

Eta New York te kòmanse itilize Multi-Factor Authentication (MFA) nan kèk nan aplikasyon piblik li yo. MFA se yon fason pou ede asire sekirite kont ou. Sa mande pou yon dezyèm faktè anplis yon modpas pou pwouve ou se moun ou di ou ye a. Si w ap itilize yon aplikasyon ki pwoteje MFA, menm si yon moun ta devine oswa vòlè modpas ou, li toujou pa ta kapab konekte san dezyèm faktè w la. Piske yon modpas se yon bagay ou konnen, dezyèm faktè a se yon bagay ou ye (an jeneral se yon aparèy byometrik ki li l) oswa yon bagay ou genyen.

Konsèy: Li rekòmande pou w mete plis pase yon metòd Multi-Factor Authentication.

Konsèy: Si w pral konfigire yon metòd otantifikasyon miltifaktè ki sèvi ak yon aplikasyon telefòn (Okta Verify oswa Google Authenticator), telechaje aplikasyon an anvan ou klike sou bouton konfigirasyon “Set up multifactor authentication” nan paj navigatè a. De (2) metòd otantifikasyon miltifaktè ki itilize aplikasyon yo se Okta Verify ak Google Authenticator. Pou telechaje aplikasyon w lan kounye a, [klike isit la pou android](#) epi [isit la pou aparèy Apple](#).

REMAK: Tout eskrinchòt yo soti nan yon ekran òdinatè sof si yo bay lòt enstriksyon.

Endèks

[Konfigire Okta Verify Multifactor Authentication](#)

[Telechaje aplikasyon Okta Verify la sou yon Aparèy Android](#)

[Telechaje aplikasyon Okta Verify la sou yon Aparèy Apple](#)


[Sèvi ak aplikasyon Okta Verify la](#)

[Sèvi ak enstriksyon sa yo pou itilize aplikasyon Okta Verify pou eskane yon kòd QR.](#)

[Mesaj erè w ka jwenn yo](#)


Konfigire Okta Verify Multifactor Authentication

Si w poko enskri nan MFA, y ap mande w pou w enskri apre w fin antre nan Sèvis travay an liy epi klike sou bouton aplikasyon “Sèvis Chomaj”.




Sou ekran òdinatè w lan, w ap wè yon ekran ki mande w pou w konfigire Multifactor Authentication.

1. Sou esmatfòn ou, telechaje aplikasyon Okta Verify la.
2. Sou ekran òdinatè w lan, klike sou Setup anba Okta Verify pou kòmanse pwosesis konfigirasyon an.
3. Klike Setup anba Okta Verify.



4. Yon nouvo ekran ap ouvri sou ekran òdinatè w lan. Chwazi swa iPhone oswa Android selon aparèy ou an. Si w gen yon tablèt Apple, chwazi iPhone

Si w chwazi Android, w ap wè sa:



Yo pral mande w pou telechaje aplikasyon Okta Verify nan Google Play Store. Si w poko fè sa, ou ta dwe telechaje aplikasyon sa a kounye a.

[Klike la a pou jwenn enstriksyon sou fason pou telechaje aplikasyon Okta Verify la sou aparèy Android ou a.](#)

5. Klike sou bouton **Suivan** an.

[Klike la a pou kontinye.](#)

Si w chwazi iPhone, w ap wè sa:




Yo pral mande w pou w telechaje aplikasyon Okta Verify nan App Store. Si w poko fè sa, ou ta dwe telechaje aplikasyon sa a kounye a.

[Klike la a pou jwenn enstriksyon sou fason pou telechaje aplikasyon Okta Verify la sou aparèy Apple ou a.](#)

6. Klike sou bouton **Suivan** an.

Enstriksyon pou telechaje aplikasyon Okta Verify sou yon Aparèy Android.


7. Sou esmatfòn ou oswa tablèt, ale nan Google Play. Asire w esmatfòn ou oswa tablèt genyen dènye vèsyon sistèm operasyon an (OS).
8. Nan Google Play, chèche aplikasyon Okta Verify la.
9. Yon fwa ou jwenn aplikasyon an, telechaje l epi enstale li sou esmatfòn ou oswa tablèt ou.
(REMAK: Aplikasyon an ka parèt yon ti kras diferan selon vèsyon telefòn nan)



[Klike la a pou w retounen nan paj prensipal la.](#)

Enstriksyon pou telechaje aplikasyon Okta Verify sou yon Aparèy Apple.

10. Sou esmatfòn ou oswa tablèt, ale nan Google Play. Asire w esmatfòn ou oswa tablèt ap gen dènnye vèsyon sistèm operasyon an (OS).
11. Nan App Store, chèche aplikasyon Okta Verify la.
12. Chwazi aplikasyon mobil Okta Verify la.
13. Telechaje epi enstale aplikasyon an.




14. Yon fwa ou fin enstale aplikasyon Google Authenticator sou esmatfòn ou oswa tablèt ou, ale nan aplikasyon an sou aparèy ou an epi ouvri li.

[Klike la a pou w retounen nan paj prensipal la.](#)

Ouvri aplikasyon Okta Verify la sou esmatfòn ou oswa tablèt ou.

15. Ekran òdinatè w lan pral montre kounye a yon bwat dyalòg ak yon kòd QR ladan l.

- Si ou pa kapab eskane kòd QR la, klike sou opsyon **Pa ka eskane?** anba kòd QR sou ekran òdinatè w lan. [Klike la a pou enstriksyon konsènan opsyon Pa ka eskane.](#)




[Klike la pou w jwenn enstriksyon si w pa ka eskane imaj QR la.](#)

16. Ale nan aplikasyon Okta Verify sou aparèy ou an epi ouvri aplikasyon an.


Sèvi ak aplikasyon Okta Verify la

17. Ou pral wè ekran sa a.




18. Klike sou **Kòmanse**.


19. Ekran sa a ap ouvri. Klike **Suivan**.



20. Ekran sa a ap ouvri. Klike sou bouton **Ajoute** kont.




21. Ekran sa a ap ouvri. Kilke sou **Lòt**.




22. Ekran sa a ap ouvri. Yo pral ba w opsyon swa **Eskane yon kòd QR** oswa **Antre kle a manyèlman**. Chwazi youn.

- Pou Antre Kle a Manyèlman, w ap bezwen suiv etap sa yo nan seksyon Pa Ka eskane pou Verifye Manyèlman San Notifikasyon Push. [Klike la a pou w ka jwenn enstriksyon sa yo.](#)



Sèvi ak enstriksyon sa yo pou itilize aplikasyon Okta Verify pou eskane yon kòd QR. Sou yon Aparèy Android

23. Aplikasyon an ap mande pèmisyon pou itilize kamera w. Klike **OK**.




24. Mete kamera esmatfòn ou oswa tablèt la sou kòd QR ki sou ekran òdinatè w lan. Aplikasyon w lan pral otomatikman eskane kòd la nan telefòn ou oswa tablèt ou.

25. Kontinye pou [Eskane yon kòd QR](#).

Sou yon aparèy Apple


26. Ou pral wè yon mesaj sa ki di “Okta Verify” ta renmen jwenn aksè ak kamera a. Klike OK.




27. Kontinye pou [Eskane yon kòd QR.](#)

Eskane yon kòd QR

28. Sou ekran òdinatè w lan, w ap wè ekran enskripsyon an ak yon pop-up ak yon kòd QR.



29. Nan aplikasyon Okta Verify la, tape **Ajoute kont.**




30. Mete kamera esmatfòn ou oswa tablèt la sou kòd QR ki sou ekran òdinatè w lan.


31. Apre w fin eskane kòd QR la, ekran sa a pral afiche. Chwazi swa **Pèmèt** oswa **Sote**.



32. Yon fwa yo fin eskane kòd QR la, aplikasyon an pral chanje pou vin yon ekran ak yon kòd sis (6) chif. Kòd sa a pral chanje chak 30 segonn.
33. Apre w fin byen eskane kòd QR la nan esmatfòn ou an, ekran òdinatè w lan pral chanje konsa:



34. Yo pral voye w tounen nan ekran enskripsyon an kote ou ka konfigire yon lòt metòd Multifactor Authentication. Ekran an pral kounye a montre Okta Verify anba tit Faktè Enskri a. Li rekòmande pou w mete plis pase yon metòd otantifikasyon miltifaktè.




35. Lè ou fin konfigire tout metòd Otantifikasyon miltifaktè ou vle, klike sou bouton **Fini** an.

KONSÈY: Si w pral konfigire yon metòd otantifikasyon miltifaktè ki sèvi ak yon aplikasyon telefòn, telechaje aplikasyon an anvan ou klike sou bouton Setup nan “Set up multifactor authentication” nan paj navigatè a. De (2) metòd otantifikasyon miltifaktè ki itilize aplikasyon yo se Okta Verify ak Google Authenticator.

Klike sou Pa ka eskane.


36. Klike sou pa ka eskane ap ba ou opsyon pou gen yon lyen aktivasyon yo voye ba ou pa imèl oswa SMS. [Klike la a pou konfigure Okta Verify Manyèlman San Push Notifikasyon.](#)

Konsèy: [Klike la a pou lòt rezon posib pou gen erè sa a, ak fason pou korije yo.](#)




37. Yo pral voye yon lyen ba ou. Klike sou lyen sa a.

38. Lyen sa a pral mennen w sou sit Okta Verify la.



39. Klike sou **Kòmanse**.


40. Esmatfòn ou a pral konekte sou sit entènèt Okta Verify la epi verifye lyen an. Ou pral wè ekran sa a sou ekran òdinatè w la.



Mesaj erè ou ka jwenn ak fason pou w rezoud yo.

41. Mesaj erè: Sesyon an ekspire.

42. Rekou: Itilizatè a dwe konekte ankò.




The screenshot shows the NY.GOV ID Sign In page. At the top, there is a lock icon and the text "NY.GOV ID". Below this is a profile icon and the text "Sign In". A red error message box states: "Your session has expired. Please try to sign in again." Below the error message are input fields for "Username" and "Password". There is a "Remember me" checkbox and a blue "Sign In" button. At the bottom, there is a link that says "Need help signing in?"

43. Mesaj erè: Token pa matche.

44. Rekou:

a. Itilizatè ta dwe tcheke presizyon.

b. Itilizatè ta dwe "Voye" kòd ankò.



The screenshot shows the NY.GOV ID SMS Authentication page. At the top, there is a lock icon and the text "NY.GOV ID". Below this is an SMS icon and the text "SMS Authentication" and "(+1 XXX-XXX-8872)". A red error message box states: "Your token doesn't match our records. Please try again." Below the error message is an "Enter Code" section with a text input field containing "123456" and a "Sent" button. At the bottom, there is a blue "Verify" button and a "Help?" link.

WE ARE YOUR DOL



45. Mesaj erè: Nou jwenn erè.


46. Rekou: Itilizatè a dwe antre kòd.

A screenshot of the NY.GOV ID Voice Call Authentication interface. At the top, there is a lock icon and the text "NY.GOV ID". Below this is a blue circular icon with a telephone handset and signal waves. The text "Voice Call Authentication" and the phone number "(+1 XXX-XXX-3166)" are displayed. A red error message box states: "We found some errors. Please review the form and make corrections." Below the error message is an "Enter Code" section with a text input field and a "Calling" button. A red error message below the input field says: "This field cannot be left blank." At the bottom of the form is a large blue "Verify" button. A "Help?" link is visible at the very bottom of the screen.

47. Mesaj erè: Bakòd la pa eskane.

48. Rekou:

- a. Eseye metòd altènatif yo bay yo.
 - i. "Voye aktivasyon pa SMS" - Itilizatè ka antre yon nimewo telefòn.
 - ii. "Konfigire manyèlman san push" - Itilizatè a pral wè yon kòd tanporè.
 - iii. "Voye imèl aktivasyon" - Yo pral voye pou kliyan yo yon imèl sou kont imèl yo itilize nan kreyasyon kont yo.




- b. Asire aparèy itilizatè a “pèmèt” aksè a kamera. [Klike la a pou enstriksyon konsènan.](#)

Konfigire Okta Verify manyèlman San Notifikasyon Push.


49. Chwazi opsyon a: Verifye manyèlman San Notifikasyon Push.



50. Yo pral mennen w nan yon ekran ki gen yon kòd sekrè.



51. Sou esmatfòn ou suiv etap 1-22 pi wo a pou navige nan ekran sa a. Chwazi **Antre kle a manyèlman.**




52. Antre kòd ki sou ekran òdinatè w lan nan ekran esmatfòn ou a. Sou esmatfòn ou a, ou pral antre yon Non Kont (ou te kreye) ak Kle sekrè ki afiche sou ekran òdinatè w lan. Ekran an sou esmatfòn ou a pral sanble sa a:



53. Apre w antre enfòmasyon ki anwo yo, klike sou bouton **Ajoute kont.**

54. Lè kòd ou antre byen verifeye, ou pral wè ekran sa a:



55. Kilke sou **Fini.**

[Klike pou w retounen nan paj prensipal la](#)